**«Еф1ак1уэ, Адыгэ лъэпкъ!»**

**Езыгъэк1уэк1ым** :

- Ф1эхъус апщий, **Адыгэ лъэпкъ**!

Сэ сыадыгэщ! Гук1и, псэк1и, Шэрджэс щ1ыналъэ сыщалъхуащ.

Си адыгэбзэр зым пэзмыщ1у, Бзэ псом нэхъ дахэу къысф1эщ1ащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ сыкъотэджри Сэ 1уащхьэмахуэ сыносплъыс.

Сэ сыадыгэщ си лъым хэтуи Сригушхуэнущ сыпсэуху!

**Едж:**

- Сыадыгэщ ! Ар си дамэщ! Сыадыгэщ! Сышэрджэсщ!

Дэни пщалъэу щыуvауэ Шэрджэс жи1эм - ар ц1ыху нэсщ.

- Ди лъэпкъ 1умахуэу адыгэ лъэпкъыр, Хабзэр я бзыпхъэу тетщ дуней псом,

Къаджэм пэджэжу , жанщ я 1эпкълъэпкъыр, Зэбын – зэунэу , зэпсэу мэпсэу.

-Дунейр шэрхъыу к1эрахъуэрти, уафэр щыщхъуант1э щ1ылъэр щыкъащхъуэм, ди нобэрей зэманым къэсащ ди адыгэ лъэпкъыр. Адыгэхэр щыпсэуа лъэхъэнэм къриубыдэу ц1ыху гъащ1э тхыдэм гъуэгуанэшхуэ щызэпичащ. Адыгэхэм дунейм теттэкъым абыхэм я псэм щагъаф1э я Хэкур къузэратын.

Хэкуращ псори къыздежьэр, ар лъагъун, хъумэн хуейщ, ди нобэм ар къэзыгъэса ди адыгэ лъэпкъым хуэфащэу абы хущытын хуейщ! Ирეф1ак1уэ, ирегъагъэ ди адыгэ щ1ыналъэр!

**Езыгъэк1уэк1ым-**

- Адыгэ лъэпкъым къигъэщ1ащ дуней псом щыц1эры1уэ, адыгэ хабзэ псоми еф1эк1ыу ябж адыгэ хабзэ-нэмысыр. Ар дэтхэнэ зы адыгэм дежк1и адэжь дамыгъэщ, акъылщ, мыухыж гъуэмылэу нэхъыжьыф1хэм къытхуагъэнащ.

Адыгэ хабзэ-нэмысым ц1ыхум насып, хьэл-щэн дахэ, и дуней тетык1э ек1у къыдок1уэ. Адыгэхэм яхэлъын хуей адыгэ хабзэ-нэмысым щыщщ ц1ыхум к1элъызехьэн хуей адыгагъэр. Адыгагъэ!

Адыгэ хабзэ-нэмыс тхэлъу, адыгагъэм дыщымыщ1эу тхьэм дигъэпсэу адыгэ лъэпкъыр!

- Зыл1 и быну лъэпкъ пщык1ут1у зэхэт ди адыгэр псэуащ лажьэрэ шхэжу, я щхьэхуитыныгъэр яхъумэжу. Адыгэхэм л1ыгъэк1э, хахуагъэк1э, зэуэнк1э зыри къыпэлъэщу

щытакъым. Ахэр иджыри нобэрей дуней гъащ1эм щыпашэу, еф1ак1уэу мэпсэу.

-Нобэ ди махуэшхуэм хэтыну, ар къыдда1ыгъыну, къыдэхъуэхъуну къэк1уащ ди лъэпкъэгъухэр адыгэ лъэпкъ 12-р. Адыгэ хабзэм къызэрищтэщи, еттынщ абыхэм псалъэ

**Ф Л А Г**

1 **Мамхэгъ - Арх.Самирэ -6**

Ди къэралым мамырыгъэр щытепщэу, И уафэр къащхъуэу,

И щ1ылъэр щхъуант1эу, Бэвыгъэр и куэду,

Берычэтыр илъу, И ц1ыхухэр пэрыту,

Лъэпкъхэр зэкъуэту Куэдрэ псэуну сохъуахъуэ.

Мамхэгъ лъэпкъым и вагъуэр япэу Адыгэ ныпым щрелыд

**2 Беслъэней -Мол.Кантик 7**

Ди лъэпкъэгъу лъап1эхэ! Узыншагъэр быдэу,

Гукъыдэжыр фи куэду, Дэрэжэгъуэр ину,

Фи пщ1эр лъагэу, Фи нэмысыр кууэ

Фи сабийхэр нэмысыф1эу, Фи балигъхэр акъылыф1эу,

Ф1ым фрилъыхъуак1уэу, Фи 1уэхур еф1ак1уэу,

Фыпсэуну сохъуахъуэ!

Ди ныпым , вагъуэ щызэщ1энэ,

Беслъэней лъэпкъым уранэщэнэу.

3 **Хьэтыкъуей Шомаху.Инессэ -5**

Гушы1эн, зыкъэзыгъэлъэгъуэн фыхуей?

Аращ дыкъызыхуигъэщ1ар хьэтыкъуейр.

Нобэ адыгэ лъэпкъым ди махуэщ Тхурехъу ар псоми тхуэмахуэ!

Адыгэ уафэм зыгуэр дэплъейм, Иралъагъу я вагъуэр хьэтыкъуейм !

**4 Шапсыгъ Шыбз.Ислам -7**

Зы щ1ып1и щымык1уэд си ныбжь Сэ согъэлъап1эр си нэхъыжь

Сэ си 1эпэгъущи лъэпкъ псалъэжь Къэмыхъу злэжьам сыщыхущ1егъуэж

Адыгэ хабзэр игъэпэжу Шапсыгъым ди вагъуэр уэгум щреблэж

5 **Еджэрыкъуей Темб.Рустам -7**

Гурыщ1э къабзэм къегъэщ1ыр Насыпыр псоми яретыр

1уащхьэмахуи и бзэр къеут1ыпщыр Зэхихмэ, дэ ди пшынэ макъ

Мык1уэдыжыну зэи ди уэрэд Еджэрыкъуейм ди вагъуэр фыдот.

6 **Абазэххэ Арх.Кант -6**

Зэ фыхуэзамэ абазэххэм, Флъэгъуащ бзэр зэрагъэбзэрабзэ

Шэч къытефхьэм фыкъеда1уэ, Фи къарухэр къэвгъэлъагъуэ

Абазэххэм вагъуэр тлъок1ыр ттын Тхьэм ищ1 ар зэик1 уэгум имык1ын.

**7 Натхъуэдж Темб Раянэ 5**

Сабийхэм я зэш тедгъэуну, Жану щыдгъэтыну,

Псынщ1эу дгъэгупсысэну, Гукъинэжу дгъэджэгуну

Натхъуэджхэр дыкъэк1уащ Ирет адыгэ уэгум ищ1у джэгу

Уи вагъуэр си натхъуэдж.

**8 Бжьэдыгъухэр Жем.Неллинэ -6**

Хъуэрыбзэхэр къыт1урылъэлъу Дыкъеблэгъащ бжьэдыгъухэр

- Зи н э ф1ыц1ит1ыр пыжьынэ, Зи нэк1ущхьит1ыр пкъынэплъ,

Сызэрып1урыплъэу сыптхьэкъри, Уджым укъыхэсшащи,

Зумысыгъуэджу дызэгъэпсалъэ. Сомыпсэлъэну сыбзагуэкъым.

Удж бдэзмыхьынуи сыпагэкъым Ууэршэрак1уэмэ, шэщ1эхум к1уэ,

Ухъыджэбзаплъэмэ, усхэк1ыжащ Хуэмыхъуу зыми ныкъуэкъуэгъу

Иреблэ уи вагъуэр, бжьэдыгъу

**9 К1эмыргуей Берез.Дианэ 6**

К1эмыргуейхэм гушы1эр ди щ1асэщ Тыгъэ фхудощ1ыр гушы1э усэр

Т1эк1у едгъэлейми фи жагъуэ фымыщ1

Ди бысым лъап1эхэм тыгъэ фхудощ1.

(усэ)

Пщэдджыжь къэск1э ди Аринэ? Гуф1эжу къытпожьэ, уарэ?

И псэр сабийхэм ета? Жэщым мык1уэжу ара?

Щреблэ куэдрэ адыгэ уафэм К1эмыргуей лъэпкъым и вагъуэр

**10 Мэхъуэш Мол Фат. -6**

Сыту ц1ык1уу сыщыта, Сыту куэди сэ згъэхъа

Мы дунейр сэ си щ1эщыгъуэт Нанэ сэ езмыт псэхугъуэ,

Упщ1э гугъухэр абы естт Хэдэн хуейуи 1уэхур хуэсщ1т.

Ахэр сигу къызогъэк1ыж Фэри ,ц1ык1ухэ, вжызо1эж.

Фэ ефтыфыну п1эрэ си упщ1эхэм я жэуап.? Упщ1эхэр хъуржыным илъщ.

Сыт зищ1 ысыр адыгагъэр? Адыгагъэр ар дахагъэщ,

Къабзагъэщ, пэжыгъэщ, губзыгъагъэщ, напэщ, ук1ытэщ,щэнщ,хьэлщ,нэхъыжьыгъэщ, нэхъыщ1агъэщ……

Хъунщ хъарзынэщ, арэзы сыкъэфщ1ащ фи жэуапхэмк1э, фыпсэу,ц1ык1ухэ.

**Убых: Джэдгъэф.Идар 5**

Л1ыгъэм усэ хуаусауэ убых лъэпкъри дыкъэсащ

Уэрэдым блэри гъуэм къерешыр ракети топи емызэгъ

усэ шэрыуэм псэр етхьэкъур Зылъэ1эсари ещ1 гъунэгъу

Щрет ди вагъэр лъэпкъым хуэусэу Еда1уэ псоми дихьэхыу я псэр.

Адыгэ лъахэр щ1эраш1эу, Мамыру гъащ1эр еф1ак1уэу,

Лъэпкъыр зэкъуэту , зэтэжу, Дэнэк1э щы1эри къэк1уэж1,

Си лъэпкъыу уардэр псэуну, Сыхъуахъуэу шабзэшэхэр къэсхьащ,

Ди ныпми ар к1эрыслъхьэнщ.

**Езыгъэк1уэк1ым:**

- Иремы унк1ыф1 зэи адыгэм ди жьэгу маф1эр!

Ире1у нэхъ ин уди макъамэр,

Лъэпкъ уардэр бжьыф1эу къре1эт

К1эрылъу л1ым адыгэ къамэр,

Утыку ихьамэ, лъэр щ1олъэт.

Адыгэу хъуар зэхэлъхьи л1ыгъэ,

Къытхуешэл1эж адэжь и жьэгу.

Адыгэ къафэр фхуэтщ1у тыгъэ,

Лъэпкъым тш1ыжынщ бжэ1упэ джэгу

**-Ди адыгэ лъэпкъ пщык1ут1ыр къигъэлъагъуэу, къуаптху зи1э шар пщык1ут1ымрэ, ди адыгэ ныпым и фэр къэзыгъэлъагъуэ куэду зэхэт шархэмрэ сабийхэм ягъэлъатэри уафэгум йохьэ, а 1уэхугъуэм хэту «Адыгэ уафэ, адыгэ щ1ылъэ» уэрэдри къоуэ.**

**ДЖЭГУ.**